

**INYIGISHO Y'UMWEPISCOPI ISHIKIRIWE ABAKRISTU BA DIYOSEZE BUBANZA  
KU MUSI MUKURU WAHARIWE IJAMBO RY'IMANA**

Bakristu nkunda cane dusangije ukwemera,

1. Ndabaramukije nti: “Nimugire amahoro y’Umukama wacu Yezu Kristu, urukundo rw’Imana n’ingabirano ya Mutima Mweranda”!

Uyu musi w’Umukama ugira gatatu mu mwaka, ni umusi mukuru w’Ijambo ry’Imana<sup>1</sup> Nyenubweranda Papa Fransisko yiyumviriye mu gihe yariko arasozerwa wa mwaka w’impuhwe n’ikigongwe vy’Imana. Nyenubweranda Papa Fransisko yahavuye ashinga ko Umusi w’Umukama ugira gatatu mu mwaka uharirwa Ijambo ry’Imana uko umwaka utashe, mw’ikete ryiwe ryitwa “Aperuit illis”<sup>2</sup> (Luka 24, 45) ryo kuwa 30 Nyakanga 2019.

2. Uwo musi mukuru Nyenubweranda Papa Fransisko yawushinze yishimikije Ijambo ry’Imana dusoma mu Bwuzure bw’Imana n’abantu mu gitabu c’Umuhanuzi Nehemiya (Raba Nehemiya 8, 1-3) no mu Njili ya Luka (raba Luka 24, 45-47).

Mu Bwuzure bwa kera, umuhanuzi Nehemiya aratubwira ko, igihugu c’Imana, kiriko kirava mu buja bw’ubuhungiro cari casanzariyemwo, camaze igihe kizima kuva mu mutwenzi gushika ku mutaga, cumviriza congera kizirikina Ijambo ry’Imana (raba Nehemiya 8, 1-8). Iryo Jambo ry’Imana bene Israyeli bumviririza hamwe ryabibutsa Itegeko ry’Imana bari barataye. Ni ryo ryabatumye basubira ku Mana rirabegeraniriza mu gihugu kimwe c’abana b’Imana.

Irindi Jambo ryatumye Nyenubweranda Papa Fransisko ashinga uwo musi mukuru w’Ijambo ry’Imana ni uko mu Bwuzure bushasha, Umukama wacu Yezu Kristu, amaze kuzuka, yabonekeye abigishwa biwe mbere akabaha n’ubwenge ngo bashobore gutegera Ivyanditswe vyeranda aho We nyene agira ati: “Ivyo ni vyo nahora ndababwira hamwe nababwira ivyanditse vyose kuri jewe mw’Itegeko rya Musa, mu Bahanuzi, no mu Mazaburi ko bizoranguka” (Luka 24, 44). Birumvikana rero ko Imana yarokoye abantu iciye ku Mwana wayo Yezu Kristu. Iryo Jambo ryararemesheje abigishwa biwe bari batekewe n’ubwoba kandi bijiriwe, baraheza barahinduka, buzura akanyamuneza, basubira kubona iyo bava n’iyo baja. Aho ni ho bakuye ingoga, n’aho bari barushe, bafashako bagenda kumenyesha benewabo i Yeruzalemu iyo Nkuru Nziza ko Yezu yari yapfuye none ari muzima, bamwiboneye ari muzima kandi yabemereye kurindira ingwati ya Mutima Mweranda (raba Luka 24, 46-52).

3. Kuri twebwe rero, uyu musi Mukuru w’Ijambo ry’Imana, Nyenubweranda Papa Fransisko aratwibutsa ko mu nyigisho ndoramana yitwa “Ijambo ry’Imana”<sup>3</sup>, yashikirijwe n’Inama Nkuru y’Ekleziya yabereye i Vatikano ubugira kabiri, Ijambo ry’Imana rifise akamaro gahambaye mu buzima bw’abantu no mu buzima bw’Ekleziya.

---

<sup>1</sup> Inyigisho yiwe «Misericordia et misera», n° 7

<sup>2</sup> Raba ikete ryiwe « Aperuit illis », n° 1

<sup>3</sup> Raba inyigisho ya Vatikano « Dei Verbum », n° 21

4. Kanatsinda Imana mu kurema ibintu vyose yakoreshhejeje Ijambo ryayo. Ico Imana ivuze gica kibaho kuko Ijambo ryayo ni Rurema (Amam 1). Iyo Mana yagiye irihishurira abantu ikoreshheje Ijambo ryayo yacishije ku bahanuzi. Muri kino gihe naho Imana yaratwihishuriye iciye ku Mwana wayo Yezu Kristu, Jambo ryayo rizima (Abahebreyi 1, 1-2). Eka na Yezu Kristu, turazi ko yakijije abantu benshi akoresheje Ijambo ryiwe (Matayo 9, 2; Mariko 2, 11; 3, 5), ngo atumeneyshe uwariwe, ko asangiye ubumana na Se, ko We nyene ari Mwene Mana, asangiye kamere na Se. No mugutsinda Shetani yariko iramugerageza, yakoreshheje Ijambo ry'Imana nyene (Raba Luka 4, 1-13).

Ijambo ry'Imana rero rirahambaye cane mu buzima bwacu bw'abemera. Nico gituma Umuvyeyi wacu Papa yashimye rero ko tworihebera umusi udasanzwe w'ukurininhaza n'ukurikenguruka.

5. None uyu musi mukuru w'Ijambo ry'Imana wodufasha iki natwe? Ica mbere wodufasha, ni ugutahura ko Bibliya Nyeranda ari igitabu c'igihugu c'Imana cose. Muri co, Imana irayagira igihugu cayo cose nkuko yayagiye igihugu cayo mu gihe c'Umuhanuzi Nehemiya. Muri ico gihe, Esidrasi yarasoma, abaleviti nabo bagasigurira igihugu c'Imana, na co kikwumviriza Ijambo ry'Imana kandi kikarizirikana. Ijambo ry'Imana ryagenewe gushikira bose, uwuryakiriye nawe akarishikiriza abandi kugira ngo riboneshereze bose, rimenyekane ryongere ribabere imfungurwa y'ubuzima. Vyoba vyiza rero ko umukristu wese atunga Bibliya Nyeranda, bidashobotse hakaboneka ho na Bibliya imwe mu nzu yose.
6. Ica kabiri uwo musi wodufasha, ni ukudukeburira umwitwarariko w'ukurangura neza ubutumwa bw'ukumenyesha Ijambo ry'Imana. Ndetse ko umukristu ashobora kwisomera Ijambo ry'Imana, muri Ekleziya hariho abashinzwe gusoma Ijambo ry'Imana bakanarisigura, hakaba n'abandi barisoma, hanyuma hakaba kandi n'abandi bashinzwe kurisigurira abandi. Ivyo bishika cane cane mu Nkuka y'Imisa. Muri ubwo butumwa bwose, ababishinzwe bokwama bafata umwanya ukwiye w'ukuritegura neza, mu kubanza kuryisomera bo nyene ubwabo, bakarizirikana, bakarondera ingene borishikiriza abandi mu buryo nyabwo, bwumvikana.
7. Ica gatatu uwo musi wodufasha, ni uko uyo musi mukuru w'Ijambo ry'Imana wodukeburira kumenyera inyigisho iri muri ryo. Gurtyo umukristu yemeye kuganira n'Imana mu kwakirana umutima wemera iryo ashikirijwe, rirashobora rero kurangura ibitangaza muri we, rigahindukiriza ubuzima bwiwe ku Mana, rikamunywanisha n'Imana. Ivyo navyo bisaba agacerere k'umutima w'umuntu aryakiriye hanyuma akarigamburuka mu kurigendera yigana aberanda benshi nka Antoni, Tereza w'Umwana Yezu, Fransisko w'i Asize, abamaratiri b'i Buganda n'abandi. Ijambo ry'Imana rifise ububasha buhambaye mu buzima bw'uwakristu, rimeze nk'inkota ikarishe cane ifise ubugi bubiri (raba Abahebreyi 4,12).

Uwemeye kuganira vy'ukuri n'yo Mana ituyagira, ubuzima bwiwe burahinduka bukaba bushasha, bukamera nk'uko Imana ibushaka. Ni co Umuvyeyi wacu Papa Fransisko

atwibutsa: "Uwugomba kuba umukristu mwiza abwirijwe guha umwanya ukwiye Ijambo ry'Imana mu Masabamana (Liturjiya) canke mu kuzirikana kwiwe kwa misi yose"<sup>4</sup>.

8. Ica kane uwo musi wodufasha ni ukwakira Ijambo ry'Imana mu kuri, ni vyo bidufasha kuninahaza neza Ukaristiya Nyeranda. Mu rugendo abigishwa b'i Emmausi bari bafatanije na Yezu yazutse baganira, barurangirije k'ugusangira umukate (raba Luka 24, 30). Papa Fransisko aca atwigisha ko Ijambo ry'Imana rifatanye rwose n'Ukaristiya. Nico gituma mu guhereza Inkuka y'Imisa hari ameza abiri: ameza y'Ijambo ry'Imana n'ameza y'Ukaristiya<sup>5</sup>. Na twebwe abakristu turahiriwe kuko mu rugendo rw'ubuzima turimwo hano kw'isi, Yezu muzima aguma atuboneshereza n'Ijambo ryiwe yongera adukomeza mu kutugaburira umubiri wiwe. Iryo ni iteka ry'agakura twatewe, twokwama dukenguruka imisi yose.
9. Imbere yo gusozero, ko uyu musi ari Umusi Mukuru wa mbere wahariwe Ijambo ry'Imana,
  - Ubwa mbere ndabatumiriye gutunga iwanyu igitabu ca Bibliya Nyeranda. Ariko rero ntimumitunge nk'igiheko, mumenyere gusoma kenshi Ijambo ry'Imana, kurizirikana no kurisabikanya. Vyobabera vyiza mushoboye kumenya Ijambo ry'Imana risomwa mu Nkuka y'Imisa ya buri musi. Imbere yo kurizirikana mwenyene canke mu miryango yanyu, mwosenga, musaba ngo Mutima Mweranda abafashe kuritegera nk'uko Yezu yafashije ba bigishwa b'i Emmausi ngo bategere ivyari vyanditswe.
  - Ubwa kabiri, ndabatumiriye kurushirizaho kurisabikanya mu mibano mitomito yanyu mufashijwe n'Ibiro Nshingwabutumwa vya Diyoseze yacu nk'uko bisanzwe bitegekanijwe. Rwaruka mwese, basore n'inkumi, namwe bashingantahe, nimukunde kwitaba inama z'imibano mitomito z'iwanyu kugira Ijambo ry'Imana ribubakire ingo nkristu zihimbara Imana n'abantu, zirangwa n'ukwemera n'urukundo rw'umusarara.
  - Ubwa gatatu, ndabatumiriye kurushirizaho gushigikira, mu bisabisho vyanyu no mukwegeranya intererano ziboneka, Ibiro bijejwe ubutumwa bwa Bibliya ku nzego zose z'Ekleziya.
10. Mugusozero, ndabipfurije mwese, Bakristu nkunda, gusaba Umuvyeyi wacu Bikira Mariya, Nyina wa Jambo, abigishe kwumviriza ukuruta no gushikana mu mitima yanyu Ijambo ry'Imana kuko ni Umuco w'Ubuzima bwanyu, ni Ijambo ry'Ubuzima buhoraho. Uwo Muvyeyi Bikira Mariya ni abatwikire umutamana wiwe utamenwa, wo uzirana na Sekibi.

Bigiriwe i Bubanza, kuwa 21 Nzero 2020

Umwungere wa Diyoseze Bubanza

Yohani NTAGWARARA

---

<sup>4</sup> Raba Inyigisho ya Papa Fransisko « Aperuit illis », n° 7

<sup>5</sup> Inyigisho yiwe « Aperuit illis », n° 7